

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa minangka mahluk sosial atawa biasa disebut (*homo socius*), hartina yén manusa moal bisa hirup sosorangan, sabab saéstuna mah manusia téh butuh jalma lian pikeun hirup kumbuh di masarakat. Butuhna manusa ku jalma lian téh kaunggel dina pupuh Pucung anu unina: utamana jalma kudu réa batur; keur silih tulungan; silih titipkeun nya diri; budi akal lantaran ti pada jalma.

Salian ti mahluk sosial manusa ogé minangka mahluk anu ngabogaan budaya, lantaran manusa miboga akal jeung pikiran, ngajadikeun mahluk nu cerdas (*homo sapien*) anu ngabédakeun jeung mahluk séjénna. Nurutkeun Danadibrata (2015, kc. 108) “kecap budaya asalna tina basa Sangsekerta, nyaéta ringkesan kecap “budi” jeung “daya” anu hartina usaha, tanaga, karep, pikiran, jeung perasaan jelema; kabudayaan dihartikeun salaku hasil tanaga, karep, pikiran, jeung perasaan jelema guna nambahan kasenangan jeung kani’matan jelema ku rupa-rupa akal jelema”.

Manusa jeung budaya mangrupa dua hal nu teu bisa dipisahkeun, lir gula jeung amisna. Manusa anu hirup kumbuh babarengan di lingkungan masarakat, tangtuna bisa nyiptakeun budayana sorangan katut bisa ngalarapkeun jeung nyaluyukeun kabudayaan dumasar kamekaran jaman. Ieu hal diwewegan ku pamadegan Mahdayeni spk.,(2019, kc. 154), yén manusa jeung budaya mangrupa salasihiji beungkeutan nu teu bisa dipisahkeun dina prosés kahirupan. Manusa salaku mahluk ciptaan Gusti anu sampurna bisa nyiptakeun kabudayaanana sorangan sarta éta kabudayaan bisa diwariskeun sacara turun-tumurun.

Dina enas-enasna prosés kahirupan manusa aya anu disebut daur hirup (*life cycle*), nu éta hal téh tangtu bakal dialaman ku manusa. Soeganda (2007, kc. 5), nétélakeun yén daur hirup manusa ngawengku opat bagian nyaéta lahiran, sundatan, kawin, jeung kapapaténan (maot). Daur hirup hakékatna dimimitian ku prosés gubragna manusa ka alam dunya sanggeus aya dina rahim indung salila salapan bulan, nepi ka maotna. Ieu hal luyu jeung pamadegan Hadiati, (2016, kc. 28), yén daur hirup téh nyaéta prosés hiji jalma dimimitian ku dilahirkeun ka alam

dunya tina beuteung indungna nu dikandung salila salapan bulan, satuluyna déwasa, kawinan, boga anak, ngurus anak, jeung nu pamungkas kapapaténan (maot).

Nalika ngalalampahan hiji prosés kahirupan anu dianggap penting, ilaharna éta prosés téh sok dibarengan ku dilaksanakeunana hiji ritual atawa upacara. Nurutkeun Rosidi (2009, kc. 229), tradisi nyaéta sagala hal babakuna adat-kabiasaan anu geus turun-tumurun ti karuhun. Patali antara tradisi jeung daur hirup masarakat Sunda di antarana aya tradisi ngawinkeun, kakandungan, ngajuru, sundatan, jeung maot.

Nurutkeun Rosidi (2000, kc. 14-19), dina *Ensiklopedia Sunda* tradisi atawa adat anu patali jeung daur hirup téh tétélna aya adat mulasaran bali, adat ngaraksa ngajuru, adat ngariksa nu reuneuh, adat ngawinkeun, adat ngurus orok, jeung adat nyiram. Sedengkeun nurutkeun Soeganda (2007, kc. 5), nalika lahir aya sawatara tradisi anu biasa dilakukeun di antarana tradisi tingkeban, mandi kembang, ngurus orok, mulasara bali, pépéling-pépéling pikeun salaki, masrahkeun anu karék ngajuru ka salakina, jst.; nalika sundatan aya tradisi ngaleunggeuh, mandi kembang, jst.; nalika kawin aya tradisi nanyaan, ngeuyeuk seureuh, nyawér, buka pintu, huap lingkung, numbas, ngunduh mantu, jst.; jeung nalika maot, aya ngamandian mayit, nyolatkeun, nguburkeun, tahlilan, sedekah, jst.

Di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis, aya hiji tradisi atawa kabiasaan anu dilaksanakeun dina mangsa sanggeus ngalahirkeun, di antarana nyaéta aya tradisi ngurus orok sabada lahir ka alam dunya. Éta tradisi téh disebut *nurunkeun*. Tradisi *nurunkeun* ogé kaasup kana bagian daur hirup (*life cycle*).

Tradisi *nurunkeun* mangrupa salasahiji adat istiadat Sunda anu masih kénéh sok dilaksanakeun sabada ngalahirkeun salila saminggu. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Rosidi (2000, kc. 19), yén *nurunkeun* nyaéta mawa orok ka luar imah nu mimiti pisan, salametanana dilaksanakeun di pakarangan. Ieu tradisi lumangsung dina umur tujuh poé, sabada orok gubrag ka alam dunya. Ma'na tina tradisi *nurunkeun* anu dilaksanakeun dina umur tujuh poé téh nyaéta ngawanohkeun ka orok yén poé dina saminggu téh aya tujuh poé (Senén, Salasa,

Rebo, Kamis, Juma'ah, Sabtu, jeung Minggu). Anapon tujuan dilaksanakeun tradisi *nurunkeun* nyaéta pikeun ngawanohkeun orok anu karék lahir ka lingkungan luar, supaya jalma lian atawa tatangga ogé apal yén ieu orok geus bisa dibawa ulin ka luar imah. Lian ti éta minangka sukuran ka Gusti Allah kana sagala ni'mat ti Anjeun-Na jeung miharep aya kasalametan pikeun saréréa.

Nurutkeun Danadibrata (2015, kc. 718), kecap *nurunkeun* asal kecapna tina “turun”, nyaéta kecap pagawéan pindah tempat ti luhur ka handap. Sabalikna unggah atawa lungsur tina tarajé, tas naék, ti imah, jeung tina pangkatan. Saupama *nurunkeun* orok mah nyaéta melesirkeun orok anu anyar puput puseur ku indung beurang ka buruan bari nuduh-nuduhkeun ka orok sakur nu aya di sakuriling bungkingna, nyaéta sarat supaya orokna jaga loba kanyaho”.

Sabada nitén jeung maluruh ngeunaan tradisi *nurunkeun* nu aya di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis, kaguar aya bédana antara tradisi *nurunkeun* nu aya di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis jeung tradisi *nurunkeun* di daérah séjénna. Ilaharna tradisi *nurunkeun* dilaksanakeun nalika orok umur 40 poé. Sedengkeun tradisi *nurunkeun* nu aya di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis, biasa dilaksanakeuna sabada orok gubrag ka alam dunya, dina umur tujuh poé pikeun budak awéwé jeung dina umur salapan poé pikeun budak lalaki. Salametanana dilaksanakeun di pakarangan imah nu dipingpin ku indung beurang. Ilaharna sabada dilaksanakeun tradisi *nurunkeun* orok dibawa deui ka imah, saacan ka jero imah indung beurang ngarandeg heula pikeun nyawer orokna, nu tujuanna pikeun méré naséhat atawa talatah ka orokna. Satuluyna, pikeun orok awéwé mah sok dituluykeun kana kagiatan sepitan/sundatan.

Tradisi *nurunkeun* jaman kiwari jarang dipikawanoh jeung saeutik ogé nu apal, boh éta tina istilah-istilah, prak-prakan, simbol atawa ma'na, boh hal-hal séjén anu aya patalina jeung ieu tradisi, sabab generasi ayeuna leuwih kénéh nyaho kana tradisi budaya deungeun ti batan budayana sorangan. Ieu hal luyu jeung salasihiji artikel anu ditulis ku Peilouw (2022), kalayan dimuat dina *kumparan.com* (Senén, 17/01/2022), nu nétélakeun yén kurangna minat nonoman jaman kiwari kana budaya-budaya nu aya di Indonésia, ku sabab kurangna sosialisasi jeung pamangpaatan média sosial di éra digital. Balukar tina éta hal téh

nyaéta nonoman jaman kiwari kurang paduli kana budayana sorangan. Sacara teu langsung, budaya nu diwariskeun sacara turun-tumurun bisa waé leungit, saupama teu dimumulé ku generasi satuluyna.

Lian ti kurangna kareueus atawa minat ti masarakat kana tradisi karuhun jeung pola pikir masarakat anu geus modérn, faktor palaku indung beurang tina tradisi *nurunkeun* ogé kiwari beuki ngurangan, lantaran geus loba nu tilar dunya jeung euweuh nu neruskeun. Padahal hiji tradisi atawa kabudayaan geus tangtu kudu dijaga, diraksa jeung dimumulé ku urang balaréa salaku generasi panerusna.

Sangkan ieu tradisi bisa dipikawanoh tur bisa jadi panghudang kareueus masarakat dina ngamumulé budaya karuhun, hususna dina tradisi *nurunkeun*, panalungtik ngarasa perlu ngaguar ngeunaan ieu tradisi maké ulikan sémiotik. Sabab, dina uliakn sémiotik ngandung tanda jeung ma'na nu linuhung pikeun ngamangpatkeun ajén-inajén nu nyangkaruk dina éta tradisi, sarta bisa ogé dilarapkeun dina kahirupan sapopoé. Ieu hal saluyu jeung pamadegan ti Peirce (dina Sobur, 2002, kc. 38), yén sémiotik nyaéta élmu nu maluruh ngeunaan kumaha patalina antara ikon, indéks jeung simbol.

Lian ti éta, usaha anu bisa dilakukeun sangkan ieu tradisi henteu tumpur jeung bisa dipikawanoh ku nonoman jaman kiwari téh nyaéta ku cara diwanohkeun di dunya atikan. Salasahijina ku cara dijieun alternatif bahan pangajaran artikel bacaeun barudak di sakola. Bahan pangajaran maca artikel geus réa nu nalungtik, tapi sok sanajan kitu, artikel ngeunaan tradisi *nurunkeun* di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis, perlu dijieun bahan ajarna, ku sabab udaganna di dieu nyaéta pikeun nambahan ogé ngeuyeuban deui bahan pangajaran artikel. Saupama nilik kana Kurikulum *Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda Kurikulum 2013 révisi 2017* anu dipedalkeun ku Dinas Pendidikan Jawa Barat (2017, kc. 40) disebutkeun yén pangajaran maca artikel jadi salasahiji matéri nu aya di kelas XII tingkat SMA/SMK/MA/MAK kalawan Kompetensi Dasar (KD) 3.5. *Menganalisis isi, struktur dan aspek kebahasaan teks artikel berbahasa Sunda*.

Tina KD di luhur hal anu kudu dihontal ku siswa kelas XII dina kurikulum ngeunaan matéri artikel nyaéta siswa dipiharep bisa nganalisis eusi, struktur, jeung aspék kabahasaan téks artikel dina basa Sunda. Ngaliwatan kagiatan maca

nu hadé tur gemet siswa dipiharep bisa ngahontal KD tadi. Dina nganalisis bagian eusi, siswa diperedih kudu bisa ngabédakeun artikel anu fakta atawa rékaan. Dina bagian nganalisis struktur siswa diperedih kudu bisa nangtukeun paragraf bubuka, eusi, jeung panutup. Lian ti éta ogé siswa kudu merhatikeun aspék kabahasaan kayaning EYD, tanda baca, kosa kecap, jrrd.

Panalungtikan ngeunaan tradisi di dunya atikan, lain hiji hal anyar. Saméméhna réa anu geus ngalakukeun panalungtikan, di antarana nyaéta aya Hadiati (2016) medar ngeunaan “Bentuk, Makna, dan Fungsi Upacara Ritual Daur Hidup Manusia pada Masyarakat Sunda”. Hasil tina éta panalungtikan kaguar ngeunaan daur hirup manusa di masarakat Sunda. Lian ti éta, aya deui panalungtikan séjén anu dilaksanakeun ku Jeni spk., (2014) nu medar ngeunaan “Folklor dina Tradisi Nujuh Bulan di Kecamatan Cilawu Kabupaten Garut pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di Kelas XII SMA”. Tina hasil panalungtikanana, kaguar ngeunaan salasahiji bagian tina daur hirup manusa nyaéta prosés kakandung. Lian ti éta, diguar ogé ku Fachrurrofi (2018) nu medar ngeunaan “Tradisi Babanyo di Kacamatan Cihampelas Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA Kelas XII (Ulikan Sémiotik)”. Hasil tina panalungtikanana kaguar ngeunaan prosés sabada lahiran. Anu pamungkas, panalungtikan anu ngarojong téh nyaéta anu dilakukeun ku Muliani (2021) “Tradisi Mahinum di Désa Cipicung Kecamatan Cijeruk Kabupatén Bogor pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA (Ulikan Sémiotik)”. Dina éta panalungtikan ditétélakeun ngeunaan kumaha carana nyieun pahinum pikeun awéwé anu geus ngalahirkeun.

Tina sababaraha panalungtikan di luhur, sacara umum museur kana pedaran ngeunaan salasahiji bagian dina daur hirup manusa, sarta diwewegan ku analisis kana unsur séjénna. Sok sanajan dina sababaraha panalungtikan anu geus diwincik téh sarua ngabahas salasahiji bagian tina daur hirup manusa jeung unsur sémiotikna. Tapi dina ieu panalungtikan aya bédana, nyaéta palebah objék jeung subjék anu diulikna.

Nepi kiwari ogé can kungsi aya nu nalungtik ngeunaan tradisi *nurunkeun* di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis, padahal ieu tradisi bisa jadi salasahiji asét budaya urang Sunda anu miboga ajén-inajén nu

linuhung. Ajén-inajén nu kapaluruh dina tradisi *nurunkeun* di antarana aya ajén kapamingpinan ieu hal katémbong nalika acara baris dipingpin ku indung beurang jeung teu sagawayah jalma bisa mingpin ieu acara. Satuluyna aya ajén religius nu katémbong dina sikep jeung paripolah nalika ngalaksanakeun tradisi *nurunkeun* nyaéta bisa ngadumaniskeun antara ajaran agama jeung adat istiadat jaman baheula nu di turunkeun sacara turun-tumurun. Tina hasil ieu panalungtikan bisa dijieun karya tulis ilmiah dina wangun artikel, anu satuluyna ogé dipiharep bisa jadi salasahiji bahan ajar anu luyu jeung KIKD. Ku kituna perlu ngayakeun ieu panalungtikan kalawan judul “Tradisi *Nurunkeun* di Karangpaningal - Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA” (Ulikan Sémiotik)”.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus disarungsum di luhur, aya sababaraha pasualan anu kaidéntifikasi dina ieu panalungtikan, di antarana:

- a. nonoman jaman kiwari, hususna di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis kurang wanoh kana tradisi *nurunkeun*;
- b. masarakat Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis kurang wanoh kana ma’na atawa simbol anu aya dina tradisi *nurunkeun*;
- c. bahan maca artikel di Wewengkon Ciamis nu masih kénéh basajan.

Sangkan pasualan nu kaidéntifikasi di luhur téh leuwih gampang dipaluruhna, satuluyna dirumuskeun dina sababaraha kalimah ieu di handap.

- a. Kumaha jenggléngan jeung prak-prakan tradisi *nurunkeun* di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis?
- b. Naon waé bahan jeung properti anu ngarojong kana lumangsungna tradisi *nurunkeun*?
- c. Unsur sémiotik naon waé anu nyampak dina tradisi *nurunkeun* di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis?
- d. Kumaha larapna tradisi *nurunkeun* pikeun bahan pangajaran maca artikel di kelas XII SMA?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan anu hayang dihontal tina ieu panalungtikan nyaéta ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta medar sarta maluruh unsur sémiotik dina tradisi *nurunkeun* di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis pikeun bahan pangajaran maca artikel di kelas XII SMA.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikan ngeunaan:

- a. jenggléngan jeung prak-prakan tradisi *nurunkeun* di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis;
- b. bahan jeung properti anu ngarojong kana lumangsungna tradisi *nurunkeun* di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis;
- c. unsur sémiotik anu nyampak dina tradisi *nurunkeun* di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis; jeung
- d. larapna tradisi *nurunkeun* pikeun bahan pangajaran maca artikel di kelas XII SMA.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina hasil ieu panalungtikan ngawengku opat aspek, nyaéta: 1) mangpaat tioritis, 2) mangpaat praktis, 3) mangpaat isu jeung aksi sosial, jeung 4) mangpaat kawijakan.

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan bisa méré analisis keur kamekaran paélmuhan budaya Sunda boh éta pikeun aprésiasi budaya atawa pikeun bahan pangajaran. Tina ieu panalungtikan bisa dicangking unsur sémiotik nu aya dina tradisi *nurunkeun* di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta.

- a. Pikeun guru, méré informasi jeung référénsi dina ngajar ngeunaan tradisi *nurunkeun* di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis.
- b. Pikeun siswa, méré informasi ngeunaan tradisi *nurunkeun* di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis tur dipiharep bisa numuwuhkeun kareueus kana tradisi anu aya di tatar Sunda.
- c. Pikeun masarakat, hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan tradisi *nurunkeun* sarta méré motivasi pikeun masarakat, hususna nonoman jaman kiwari sangkan miboga tarékah pikeun ngamumulé budaya Sunda.
- d. Pikeun panulis, bisa ngeuyeuban pangaweruh panulis ngeunaan budaya, hususna ngeunaan tradisi *nurunkeun*.

### 1.4.3 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran sarta ngeuyeuban pangaweruh masarakat utamana ngeunaan unsur sémiotik dina tradisi *nurunkeun* anu bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

### 1.4.4 Mangpaat Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep dijadikeun invéntaris budaya di Désa Karangpaningal Kecamatan Panawangan Kabupatén Ciamis sangkan nambahan kajembaran tradisi nu aya di tatar Sunda.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu hasil panalungtikan baris dipidangkeun dina wangun skripsi, nyaéta disusun jadi lima bab anu luyu jeung Pedoman Penulisan Karya Ilmiah UPI Tahun Akademik 2019. Sistematika penulisan nyaéta ieu di handap.



Bab I bubuka, ngawengku kasang tukang, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis; mangpaat praktis; mangpaat isu jeung aksi sosial, jeung mangpaat kawijakan. Lian ti éta ieu bab maluruh ogé ngeunaan sistematika penulisan hasil panalungtikan.

Bab II kajian pustaka, ngawengku konsép-konsép atawa tiori-tiori anu jadi tatapakan tina ieu panalungtikan tur patali jeung masalah tina ieu panalungtikan, Lian ti éta, aya ogé panalungtikan-panalungtikan saacanna anu relevan.

Bab III métode panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, lokasi jeung sumber panalungtikan, téhnik jeung instrumen ngumpulkeun data, sarta téhnik ngolah data.

Bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina medar ngeunaan hasil panalungtikan, hasil ngolah data, jeung analisis data anu luyu jeung rumusan masalah, kalayan ngagunakeun tiori-tiori anu dipedar dina BAB II.

Bab V simpulan, implikasi, jeung rékoméndasi, anu eusina midangkeun tafsiran jeung prosés méré ma'na panalungtik kana hasil analisis hasil panalungtikan sarta hal-hal penting séjén anu hasilna bisa dimangpaatkeun.